

PANGEMBANGAN MATERI AJAR TEKS DRAMA MODERN AWUJUD POP-UP BOOK SISWA KLAS IX SMP NEGERI 19 SURABAYA

Devi Nur Ratna Eko Putro

S-1 Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah

Fakultas Basa lan Seni

Universitas Negeri Surabaya

Dratna744@gmail.com

Dra. Hj. Sri Wahyu Widayati, M.Si.

Dosen Jurusan S1 Pendidikan dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni,

Universitas Negeri Surabaya

ABSTRAK

Basa minangka salah sawijine piranti utama kanggo sesrawungan. Basa nduweni maneka warna katrampilan yaiku maca, wicara, nulis, lan nyemak. Salah sawijine katrampilan sing diwulangake ing SMP Negeri 19 Surabaya klas IX yaiku katrampilan nyemak, kanthi kompetensi dasar "ngerteni struktur teks, unsur basa, lan pesan moral saka teks drama modern." Pamulangan basa Jawa ing SMP 19 Surabaya utamane klas IX, ora nggunakake buku pasinaon. Siswa ora diwajibake duwe buku kanggo sumber lan nyengkuyung pasinaon kelas. Siswa mung bakal nyimak apa kang diterangake dening guru. Bab iki bakal ndadékake katrampilan nyemak siswa kurang. Saliyane iku kawruhe siswa marang materi-materi pasinaon basa Jawa utamane materi teks drama modern uga dadi kurang banget. Adhedhasar prakara kasebut panliten iki menehi *inovasi* arupa materi ajar sing asipat buku suplemen kanggo mbiyantu pasinaon siswa utamane ing materi teks drama modern. Materi ajar kasebut awujud *pop-up book*. Underan panliten iki, yaiku : (1) kepriye proses pangembangan materi ajar teks drama modern awujud *pop-up book* siswa klas IX SMP 19 Surabaya, (2) kepriye kuwalitas materi ajar teks drama modern awujud *pop-up book* siswa klas IX SMP 19 Surabaya, (3) kepriye *efektivitas* materi ajar teks drama modern awujud *pop-up book* siswa klas IX SMP 19 Surabaya, lan (4) Kepriye respon siswa tumrap materi ajar teks drama modern awujud *pop up book* siswa klas IX SMP 19 Surabaya. Tujuwan panliten iki yaiku : (1) ngandharake proses pangembangan materi ajar teks drama modern awujud *pop-up book* siswa klas IX SMP 19 Surabaya, (2) ngandharake kuwalitas materi ajar teks drama modern awujud *pop-up Book* siswa klas IX SMP 19 Surabaya, (3) ngandharake *efektivitas* materi ajar teks drama modern awujud *pop-up book* siswa klas IX SMP 19 Surabaya, lan (4) ngandharake respon siswa tumrap materi ajar teks drama modern awujud *pop-up book* siswa klas IX SMP 19 Surabaya. Pentinge pangembangan iki yaiku kanggo guru dikarepake bisa dadi piranti tambahan kanggomateri sing diwulangake utamane pasinaonan teks drama modern, bisa dadi piranti tambahan kanggo sumber pasinaonan siswa sing bisa nuwuake kawigaten, menehi *kontribusi* tumrap sekolah kanggo ngupaya ngundhakake mutu pendhidhikan kanthi cara ngembangake sumber pasinaon kang *inovatif*.

Konsep sajrone panliten iki yaiku materi ajar awujud *pop-up book*, nyemak, lan teks drama modern. Materi ajar isine bab, tetembungan saka andharan materi pasinaon, ancas sing bakal digayuh, lan bab sing bakal disinaoni. *Inovasi* sing disuguhake yaiku kanthi menehi sajian ilustrasi kang narik kawigaten lan asipat nggambareke materi kanthi *kreatif*. Panliten iki migunakake rancangan panliten pangembangan modhel Thiagarajan dkk, sing kawastanan model 4-D. Modhel 4-D (*four-D model*) dibage dadi *define* (ndhefinisekake), *design* (ngrancang), *develop* (pangembangan), lan *desseminate* (panyebaran). Panliten mung diwatesi tahap *develop*, amerga wektu lan kahanan sekolah sing ora mranani. Analisis kabutuhan siswa ing tahap *define* nuduhake asil HP rata-rata telung kelas yaiku 2,157 kalebu kriteria kurang jangkepi kompetensi. Tahap pungkasan dititiki kanthi nguji cobakake prodhuk. Saliyane iku, kanggo nguji *efektivitas* saka prodhuk nggunakake dhesain *Quasi Experimental*. Sampel panliten sing digunakake yaiku klas IX SMP Negeri 19 Surabaya, kanthi sampel klas IX-B minangka klas Uji Instrumen, klas IX-J minangka klas kontrol, lan klas IX-D minangka klas eksperimen. Teknik kang dienggo arupa tes, angket, lan observasi. Instrumen kang digunakake yaiku RPP, lembar angket, lembar observasi, lembar tes, lan lembar pambiji. Dene kanggo analisis dhata nggunakake uji *t-signifikansi*.

Asil validitas ahli medhia nuduhake persentase 78,57% lan asil validasi ahli materi nuduhake persentase 95,83% tegese materi ajar teks drama modern layak ditrepake ing pasinaon. Adhedhasar dhata ing andharan asile panliten, bisa didudut yen ana pambda ka ng signifikan antarane asil *pre-test* lan *post-test* klompek kontrol uji coba winates, kanthi $t_{hitung} = 2,73 > t_{tabel}$ (0,05 db=6) = 2,447 lan ora ana pambda ka ng signifikan antarane asil *pre-test* lan *post-test* klas kontrol uji coba luas, kanthi $t_{hitung} = 1,95 < t_{tabel}$ (0,05 db=32)

= 2,042. Dene asil piwulangan sabanjure ana pambeda kang *signifikan* antarane asil *pre-test* lan *post-test* klompok eksperimen uji coba winates kanthi $t_{hitung} = 8,44 > t_{tabel} (0,05 db=6) = 2,447$ lan klas eksperimen uji coba luas kanthi $t_{hitung} = 6,93 > t_{tabel} (0,05 db=32) = 2,042$. Asil *t-test signifikansi* uji coba winates nuduhake asil $t_{hitung} = 4,94 > t_{tabel} (0,05 db=14) = 2,145$ lan asil *t-test signifikansi* uji coba luas nuduhake asil $t_{hitung} = 3,83 > t_{tabel} (0,05 db=66) = 2,000$, ateges ana pambeda kang *signifikan* asil piwulangan nyemak teks drama modern antarane klompok kontrol lan klompok eksperimen kang nggunakake materi ajar teks drama modern awujud *pop-up book*. Bisa ditegesi yen H_0 "ditolak" lan H_1 "ditampa." Saliyane iku, bandhingan asil kognitifklompok kontrol lan eksperimen uji coba winates $t_{hitung} = 6,98 > t_{tabel} (0,05 db=14) = 2,145$ (*signifikan*) ateges H_0 "ditolak" lan H_1 "ditampa." Bandhingan asil kognitifklas kontrol lan eksperimen uji coba luas $t_{hitung} = 3,23 > t_{tabel} (0,05 db=72) = 1,993$ (*signifikan*) ateges H_0 "ditolak" lan H_1 "ditampa." Bab iki bisa dibuktekake kanthi anane asil respon siswa klas uji instrumen (IX-B) kang menehi respon kang kagolong "apik" kanthi prosentase 79,9%. Siswa klompok eksperimen uji coba I (klompok IX-D) menehi respon kang kagolong "apik banget" kanthi prosentase 91,25%. Siswa klas eksperimen uji coba luas (IX-D) menehi respon kang kagolong "apik banget" kanthi prosentase 82,88%.

Tembung Wigati : materi ajar, *pop-up book*, nyemak, teks drama modern.

PURWAKA

Lelandhesan Panliten

Siswa rumaja wiwit nuduhake sipat "bosen" jrone sistem pendhidhikan saiki, utamane klas IX SMP. Siswa SMP wiwit uga wiwit nuduhake sipat "berontak" marang sistem pasinaonan sekolah, kayata males maca buku, males nggoleki sumber pasinaonan tambahan, males nindakake kegiyatana pasinaonan kelas, lan sapanunggalane. Saliyane iku siswa SMP Negeri 19 ora diwajibake nduwe buku pasinaon, utamane ing piwulangan basa Jawa. Dadi guru nerangake materi tanpa nggunakake sumber pasinaon. bab iki bisa ndadekake kawruhe siswa saya cures. Kejaba iku, majune IPTEK tuladhané sing bisa nyuguuhake seserepan tambahan tumrap siswa kanthi luwih cepet lan praktis. Saliyane majune IPTEK pasinaon kanggo siswa uga isih ndadekake buku minangka sumber utama pasinaonan ing kelas. Pasinaonan sing abasis IPTEK ing SMP Negeri 19 Surabaya uga ndadekake saya curese program literasi sing digadang-gadang pamerintah lan instansi pendhidhikan. Pawadan buku ajar dipilih kanggo pasinaonan teks drama modern yaiku teks drama modern mujudake jinis teks fiktif sing ngandhut panguripane manungsa kanggo dituduhake ing pentas migunakake cecaturan, tumindak, lan perangan-perangan panyengkuyung liyane. Drama uga ngandhut sawijine pituduh sing bisa nuwuuhake tumindak becik marang pamaca (siswa). saliyane kuwi, drama modern ing pawiyatan uga ngandut niali-nilai sing adiluhur. Pasinaonan teks drama modern bisa dadi alternatif kanggo mangertenii tingkat pangrembakan basane siswa ing sosial. Pawadan liya dipilihe teks drama modern uga karana ing kurikulum sadurunge, yaiku kurikulum 2006, sing digunakake yaiku pasinaonan teori lan

mentasake drama. *Pop up book* mujudake inovasi saka buku ajar sing mbosenake siswa kango sinau amerga *pop up book* nduweni unsur 3 dhimensi, gambar sing narik kawigaten, bisa gerak lan bisa ngrangsang imajinasine siswa. Pangembangan materi ajar ajar iki dikarepake bisa narik kawigatene siswa ing pasinaonan klas lan kurikulum sing abasis teks, nglatih siswa supaya luwih kreatif, tanggap ngaturake pamanggihe, tanggap ngandharake apresiasine, lan luwih ngandelake kapercayan dhirine kanggo ngapresiasi lan ngasilake sawijine karya.

Underan Panliten

Adedhasar lelandhesan panliten ing ndhuwur, underan saka panliten iki yaiku :

- (1) Kepriye proses pangembangan materi ajar teks drama modern awujud *pop up book* siswa klas IX SMP 19 Surabaya?
- (2) Kepriye kualitas materi ajar teks drama modern awujud *pop up book* siswa klas IX SMP 19 Surabaya?
- (3) Kepriye efektivitas materi ajar teks drama modern awujud *pop up book* siswa klas IX SMP 19 Surabaya?
- (4) Kepriye respon siswa tumrap materi ajar teks drama modern awujud *pop up book* siswa klas IX SMP 19 Surabaya?

Tujuwan Panliten

Adedhasar underan panliten ing ndhuwur, mula tujuwan panliten iki yaiku :

- (1) Ngandharake proses pangembangan materi ajar teks drama modern awujud *Pop Up Book* siswa klas IX SMP 19 Surabaya.
- (2) Ngandharake kualitas materi ajar teks drama modern awujud *pop up book* siswa klas IX SMP 19 Surabaya.

- (3) Ngandharake *efektivitas* materi ajar teks drama modern awujud *pop up book* siswa klas IX SMP 19 Surabaya.
- (4) Ngandharake respon siswa tumrap materi ajar teks drama modern awujud *pop up book* siswa klas IX SMP 19 Surabaya.

Hipotesis Panliten

Hipotesis panliten iki diperang dadi loro yaiku , hipotesis nihil (H_0) lan hipotesis alternatif (H_a). Saka panliten iki, H_a lan H_0 yaiku :

H_0 : materi ajar teks drama modern awujud *pop-up Book* ora nduweni uji-t lan uji-r kang *signifikan* tumrap katrampilan nyemak teks drama modern siswa klas IX SMP Negeri 19 Surabaya.

H_a : materi ajar teks drama modern awujud *pop-up Book* nduweni uji-t lan uji-r kang *signifikan* tumrap katrampilan nyemak teks drama modern siswa klas IX SMP Negeri 19 Surabaya.

Penting Pangembangan

Asile panliten iki dikarepake bisa menehi paedah kanggo pamaca. Pentinge pangembangan iki kanggo guru dikarepake bisa dadi piranti tambahan kanggo materi sing diwulangake utamane pasinaonan teks drama modern. Saliyane iku supaya bisa dadi pandhuane guru kanggo ngembangake bahan ajar kanggo pasinaonan kelas sing laras karo karakteristik siswa lumantar sawijine inovasi lan kreativitas.

Pentinge kanggo siswa, yaiku bisa dadi piranti tambahan kanggo sumber pasinaonan sing bisa nuwuhanke kawigaten. Saliyane kuwi bisa ndadekake siswa luwih seneng lan ora mboseni, saengga nggampangake nggayuh ancuse pasinaonan.

Panliten iki uga bisa menehi *kontribusi* tumrap sekolah kanggo ngupaya ngundhakake mutu pendhidhikan kanthi cara ngembangake sumber pasinaon kang *inovatif*. Dadi, asil panliten iki dikarepake bisa nyengkuyung panlitin kang saemper kanggo terus ngembangake materi ajar liyane kanthi asil sing luwih becik sarta luwih migunani tumrap pendhidhikan basa Jawa.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Pangembangan

UU No 18 Taun 2002 bab Sistem Nasional Penelitian, Pengembangan, dan Penerapan Ilmu Pengetahuan dan Teknologi pasal siji nuduhake yen Pangembangan yaiku kagiyatan IPTEK sing nduweni ancas migunakake kaidah lan teori elmu kawruh sing wis kabukten kasunyatane kanggo

ngundhakake piguna, paedah, lan aplikasi IPTEK sing wis ana, utawa ngasilake teknologi sing anyar.

Pangembangan Materi Ajar Modhel 4-D

Panliten iki migunakake rancangan panliten pangembangan modhel Thiagarajan dkk, (Trianto, 2007:65) sing kawastanan modhel 4-D. Model 4-D (*four-D model*) dibage dadi *define* (pendefinisian), *design* (perencanaan), *develop* (pengembangan), lan *disseminate* (penyebaran). Amerga ana wektu sing winates kanggo nerusake tahap panliten sarta wewatesane jinis panliten sing asipat ngembangake prodhuk wae dadi panliten iki sing ditrepake menyang siswa mung nganti aspek kognitif wae. dadi katrampilan sing ditengenake yaiku katrampilan nyemak teks drama modern.

Materi Ajar

Materi ajar kalebu bab sing paling wigati sajrone pasinaon kelas. Materi ajar ditrepake saka silabus, yaiku ngrencanakake, predhiksi, lan proyeksi bab apa wae sing bakal ditindakake kanggo pasinaon. materi ajar utawa *instructional materials* yaiku wujud kawruh, kawasisan, lan sikap sing kudu diduweni siswa saengga bisa nggayuh ancuse pasinaon sing ana (Poerwati lan Amri, 2013:255). Bab iki nuduhake ana telung aspek sing kudu digatekake yaiku kawruh, kawasisan, sarta sikap. Materi ajar sing digunakake kanggo pasinaon kudu nggawe siswa bisa nggayuh KD lan indikator sing ana. Kanggo ngertenan materi ajar sing laras karo tuntutan pasinaon mula kudu nggatekake patang aspek pamilihan materi ajar yaiku jinis, cakupan, urutan, lan tumindak (*treatment*) (Poerwati lan Amri, 2013:256).

Katrampilan Nyemak

Nyimak yaiku sawijine proses kegiatan ngrungokake lambang-lambang lesan kanthi teliti, paham, apresiasi, sarta interpretasi kanggo mujudake informasi, medharake isi utawa pesen, sarta ngertenan sawijine makna komunikasi sing diandharake pamicara lumantar pacaturan utawa basa lisan (Tarigan, 2008:31). Kawasisan nyemak mujudake faktor sing wigati kanggo nemtokake asil saka pasinaon sing efektif. Salah sawijine kasil saka nyimak yaiku proses kasebut bakal nyiptakake daya pangeling jrone pamikiran. Tujuwan nyemak miturut Tarigan (2008:59-61) yaiku : (a) nyemak kanggo nggolek informasi, (b) nyemak kanggo dinikmati, (c) nyemak kanggo evaluasi samubarang, (d) nyemak kanggo nikmati, (e) nyimak kanggo ngandharake panemu, (f) nyemak kanggo nyinaoni fonem, (g) nyemak kanggo ngrampungake prakara, (h) nyemak kanggo nguwatake panemune.

Teks Drama Modern

Pratiwi, dkk (2014:14) ngandharake yen drama mujudake crita sing dikembangake kanthi lelandhesan konflik panguripan manungsa lan dituduhake arupa dhialog kanggo dipentasake sangarepe pamirsa. Konteks panguripane manungsa dadi asal saka gambaran crita sing dituduhake ing sawijine drama.

Pratiwi, dkk (2014:10) nuduhake paedah pasinaonan drama ing sekolah kanggo siswa ing antarane :

- a. Pasinaonan drama nglatih siswa supaya bisa luwih ngertenin maneka warnane watake manungsa becik sing asipat positip utawa sing asipat negatip. Kawruh iki bisa dadi dhasar kanggo tumindake siswa lan nemtokake sikap tumrap manekawarnan sipate manungsa.
- b. Pasinaonan drama bisa digunakake kanggo mbangun kapribaden lan moral siswa supaya luwih becik. Pitutur moral sajrone teks drama, bisa dadi tuladha lan dhasar kanggo mbentuk kapribadhen sarto moral sing becik.
- c. Pasinaonan drama bisa nuwuahake mental siswa supaya wani tampil lan komunikasi ing publik lumantar kegiyatan pamentasan drama.

Pop Up Book

Miturut Dzuanda Jrone Pramesti (<http://eprints.uny.ac.id/>) *Pop Up Book* yaiku sawijine buku sing nduwensi perangan sing bisa gerak utawa nduwensi perangan 3 dimensi sarta menehi visualisasi crita sing bisa narik kawigaten, wiwit saka rupa gambar sing bisa gerak nalika dibukak saben kacane. Materi sing migunakake *pop Up* bakal menehi visualisasi sing narik kawigaten. *Pop Up Book* nduwensi maneka jinis lan maneka warna paedah sing bisa digunakake ing sawijine pasinaonan sarta nggampangake siswa kanggo sinai tematik. *Pop Up Book* ing kene kalebu jinis *transformation*. *Pop Up Book* iki kalebu modhel pasinaonan sing abasis teks, dadi mesthi ngandhut implikasi metodologis Jrone pasinaonan sing nduwensi tahap. Bab iki diiwiti saka kegiyatan guru mbangun konteks, kegiyatan pemodhelan teks, mbangun teks kanthi bebarengan, ngantri mbangun teks kanthi individu. Tahapan iki ditindakake amerga teks ngandhut struktur sing jangkep.

METHODE PANLITEN

Ancangan Panliten

Panliten iki awujud panliten pangembangan amerga panliten iki ditindakake kanthi ngembangake sawijine produk adhedhasar struktur tartamtu. Produk saka panliten iki yaiku buku ajar pasinaonan basa Jawa kanthi materi teks drama


modern sing digunakake kanggo klas IX SMP semester ganep. Panliten lan pangembangan utawa *Research and Develop* (R&D) yaiku metode panliten kanggo ngembangake prodhuk utawa nyampurnakake prodhuk (Trianto, 2010:243). Panliten iki mujudake panliten deskriptif amerga nduwensi ancas nggambarakake proses pangembangan, kuwalitas prodhuk, lan implementasi prodhuk. Panliten iki ngasilake produk materi ajar arupa buku suplemen kanggo njangkep buku terbitane Kemendikbud utamane ing materi teks drama modern.

Ancangan Pangembangan

Panliten iki migunakake rancangan panliten pangembangan modhel Thiagarajan, dkk (Trianto, 2007:65) sing kawastanan model 4-D. Model 4-D (*four-D model*) dibage dadi *define* (pendefinisian), *design* (perencanaan), *develop* (pengembangan), lan *disseminate* (penyebaran). Panliten sing ditindakake winates ing tahap *develop* (*three-D model*) lan ing aspek kognitif wae. Kawasian sing dionjakake yaiku kawasian nyemak teks drama modern. Bab iki amerga ana wektu sing winates kanggo nerusake tahap panliten, sistem pasinaon sekolah uga bakal bubrah yen dipunjerake ing panliten wae, saliyane iku wewatesane jinis panliten sing ngggunakake panliten pangembangan.

Dhesain Pangembangan

Bagan pangembangan materi ajar teks drama modern awujud *pop-up book* kaya mangkene :



Variabel Panliten

Variabel Bebas

Sajrone panliten iki kang dadi variabel *bebas* yaiku materi ajar teks drama modern awujud *pop-up book*.

Variabel Terikat

Panliten iki kang dadi variabel *terikat* yaiku kawasian nyemak teks drama modern.

Populasi lan Sampel

Populasi sing digunakake yaiku kabeh siswa klas IX SMP Negeri 19 Surabaya.

Siswa sing dadi sampel panliten iki yaiku siswa klas IX SMP Negeri 19 Surabaya sing kasusun saka rong tahap :

Uji coba winates : Klompok kontrol klas IX-J tanpa nggunakake buku suplemen cacahe 8 siswa, uji coba klompok eksperimen klas IX-D sing nggunakake buku suplemen cacahe 8 siswa.,

Uji coba luas : Klas Kontrol yaiku klas IX-J cacahe 37 siswa, kelas eksperimen yaiku klas IX-D cacahe 37 siswa.

Sumber Dhata lan Dhata

Panliten iki uga nemtokake sumber dhata lan dhata. Sumber dhata lan dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku:

Sumber Dhata

Panliten pangembangan iki mbutuhake sumber dhata saka siswa lan dosen minangka ahli materi lan ahli medhia. Ana telung sumber dhata sing dadi dhasar ngembangake buku ajar, yaiku proses ngembangake buku ajar, kuwalitas buku ajar, lan kefektivan buku ajar sing wis dikembangake.

a. Proses Ngembangake Buku Ajar

Dhata bab proses ngembangake buku ajar awujud *Pop Up Book* arupa gambaran sawernane kagiyatan ngembangake buku lan asile kegiyatene ngembangake buku adhedhasar pangembangan 4-D wiwit saka *define, design, develop, lan disseminate*.

b. Kuwalitas Buku Ajar

Dhata kualitas buku ajar pikantuk saka validasi sing ditindakake dening validator ahli, guru, lan teman sejawat. Perangan sing divalidasi yaiku trepe isi, basa, grafik, lan penyajian. Ana rong dhata kuwalitas buku suplemen yaiku sadurunge digunakake, yaiku validasi dening ahli medhia lan ahli materi.

c. Keefektivan Buku Ajar

Dhata keefektivan buku ajar pikanthuk saka kasil *pre-test* lan *post-test* ing uji coba winates lan uji coba winatesI nalika nggunakake buku suplemen jrone pasinaonan. Saliyane iku uga disawang saka kegiyatane siswa, respon siswa, lan asil pasinaonane siswa.

Dhata

Dhata yaiku sekabehe fakta sing bisa dadi bahan nyusun sawijine informasi utawa asile cathetan panliten sing diolah kanggo asil panliten. Dhata ing panliten iki arupa dhata sing wujude angka saka asile sinau siswa, banjur asil panliten

lapangan arupa angket kabutuhan siswa, angket validasi, lan angket respon siswa

Teknik Ngunpulake Dhata

Teknik ngumpulake dhata kalebu tahap sing utama jrone panliten, amerga tujuwan saka panliten yaiku ngumpulake dhata. Tanpa ngerten teknik pangumpulan dhata, mangka ora bakal ngolehi dhata sing bisa nggayuh standar sing ana (Sugiyono, 2016:308). Ing kene panliti nggunakake cara tes, angket, lan observasi. Cara-cara kasebut bakal diandharake kaya mangkene :

Tes

Panliti nggunakake pitakonan kanggo ngukur kawasisan para siswa anggone sinau nyemak dongeng, tes kang disuguhake marang siswa arupa tes objektif lan subjektif, andharane kaya ing ngisor iki :

- 1) *Pre-test* yaiku tes sing digunakake dening panliten marang siswa minangka subjek panliten sadurune didayani tindakan pasinaon. *pre-test* bakal ditindakake ing kelas sing dadi sampel panliten yaiku klompok/klas kontrol lan klompok/klas eksperimen saka klas IX SMP Negeri 19 Surabaya. Tes iki bakal diwenehake marang siswa sadurunge pasinaon diwiwiti.
- 2) *Post-test* yaiku tes pungkas marang siswa sawise didayani tindakan pasinaon. *post-test* ditindakake ing pungkasane pasinaon klompok/klas kontrol lan klompok/klas eksperimen saka klas IX SMP Negeri 19 Surabaya.

Angket

Sajrone panliten iki bakal nyebar angket marang siswa sadurunge ngetrepake panliten (angket kabutuhan siswa) lan sawise ditindakake panliten (angket respon siswa). Panyebaran angket ditujokake marang siswa sing dadi subjek panliten. Asile angket sing diisi bakal diolah dadi dhata panyengkuyung panliten.

Observasi

Hadi sajrone Sugiyono (2016:2013) ngandharake yen observasi minangka sawijine proses sing kompleks, sawijine konsep sing kasusun saka saperangan proses biologis lan psikologis. Bab iki laras kaya apa sing diandharake Riduwan (2015:30) yen observasi yaiku nindakake kanthi cara langsung marang objek panliten kanggo ngerten saka cedhak kegiyatane sing lagi ditindakake.

Instrumen Panliten

Instrumen panliten yaiku sawijine piranti kanggo ngukur fenomena alam maupun sosial sing

diematake, kanthi spesifik sekabehe fenomena iki diwastani variabel panliten (Sugiyono, 2016:148). Instrumen sing digunakake ing panliten pangembangan iki ing antarane : soal tes, lembar identifikasi kebutuhan siswa, lembar observasi utawa sikap siswa, lembar penilaian, lembar respon siswa, lan daptar nilai siswa.

Teknik Analisis Dhata

Panliten pangembangan iki, kanggo nguji efektivitas saka produk nggunakake langkah eksperimen kanthi dhesain *quasi experimental design* sing tegese nduweni teges anane klompok kontrol lan sampel sing dipilih ora kanthi cara random nanging kanthi cara nonrandom (*non probability sampling*) yaiku *purposive*. *Purposive* yaiku teknik sing digunakake yen panliti nduweni tetimbangan tartamtu jrone nemtokake sampel (Sudjana,dkk, 2014:96). Wujud klompok ing *Quasi Eksperimental Desain* nggunakake jinise *nonequivalent control group design*. Miturut Sugiyono (2015:79) *nonequivalent control group desain* yaiku dhesain kang nduweni rong klompok kang dipilih kanthi cara tetimbangan tartamtu, banjur klompok utawa klas kontrol sarta klompok utawa klas eksperimen diwenehi *pre-test* kanggo ngukur dhasare kawruh siswa, apa ana bedane saka kaloro klompok kasebut. Dhesain iki bisa digambarake kaya ing ngisor iki :

E : O ₁	X	O ₂
K : O ₃		O ₄

E : simbol kanggo klas eksperimen

K : simbol kanggo klas kontrol

O₁&O₃ : *Pre-test*

O₂&O₄ : *Post-test*

X : *Treatment* pangetrapan medhia
(Sugiyono, 2016:112)

O₁ lan O₂ bisa diolehi saka klas IX-D ing uji coba winates sarta uji coba luas SMP Negeri 19 Surabaya. Banjur O₃ lan O₄ bisa diolehi saka klas IX-J ing uji coba winates sarta uji coba luas SMP Negeri 19 Surabaya. Saliyane iku ing panliten iki uga nggunakake klas uji instrumen yaiku klas IX-B SMP Negeri 19 Surabaya kanggo nguji instrumen-instrumen kang digunakake sajrone panliten.

Panliten iki njupuk dhata adhedhasar tahap-tahap panliten kang wis ditemtokake. Tahapanane yaiku (1) *pre-test*, tes wiwitan kanggo ngukur kawruhe siswasadurunge oleh materi. (2) pangetrepan materi ajar, pasinaon nggunakake materi ajar teks drama modern awujud *pop up book*, lan (3) *post-test*, tes kanggo ngukur kawasaki

nyemak teks drama modern sawise nggunakake materi ajar sing dikembangake.

Prosedur Analisis Dhata

Tahap-tahap analisis dhata sing ditindakake ing panliten iki, yaiku :

- Analisis dhata ngenani asil angket kabutuhan siswa. ditindakake kanthi ngitung persentase saben pitakonan, asile banjur dianalisis nggunakake rumus :

$$P = \frac{\text{gunggunge skor pambiji}}{\text{gunggunge skor paling dhuwur}} \times 100\%$$

- Observasi tumrap proses pasinaonan utawa pambiji afektif marang siswa, nggunakake rumus :

$$P = \frac{\text{gunggunge skor pambiji}}{\text{gunggunge skor paling dhuwur}} \times 100\%$$

- Analisis dhata asil validasi. Analisis kasebut ditindakake kanthi ngitung persentase saben pitakonan. Asil kasebut dianalisis nggunakake rumus :

$$P = \frac{\text{gunggunge skor pambiji}}{\text{gunggunge skor paling dhuwur}} \times 100\%$$

- Analisis efektivitas pasinaon, kanthi nggoleki cacahe skor sing diolehi saka *pre-test* lan *post-test* siswa, ngitung reliabilitas instrumen lan digoleki rata-rata bijine, nggunakake rumus :

$$r_{11} = \left(\frac{k}{k-1} \right) \left(1 - \frac{\sum a_b^2}{a_t^2} \right)$$

(Arikunto, 2013:239)

$$Md = \frac{\sum d}{N}$$

Tahap sabanjure nggoleki *t-signifikansi* kanthi rumus :

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{N(N-1)}}}$$

(Arikunto, 2013:125)

- Analisis dayane materi ajar, ditindakake kanggo nandhingake pasinaon klas kontrol lan klas eksperimen nggunakake rumus :

$$t = \frac{[Mx - My]}{\sqrt{\frac{(\sum x^2 + \sum y^2)}{(Nx + Ny - 2)} \left(\frac{1}{Nx} + \frac{1}{Ny} \right)}}$$

(Arikunto, 2013:354)

- Analisis respon siswa, ditundhakake kanthi ngitung biji saben pitakonan. Banjur nggoleki persentase asile saben pitakonan, nggunakake rumus :

$$P = \frac{\text{gunggunge skor pambiji}}{\text{gunggunge skor paling dhuwur}} \times 100\%$$

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Proses Pangembangan Materi Ajar Teks Drama Modern Awujud *Pop-up Book* Siswa Klas IX SMP 19 Surabaya

Ancas saka tahap iki yaiku kanggo mangerteni kerije proses pangembangan panliten

iki saengga bisa nemtokke medhia utawa bahan ajar sing cundhuk karo kabutuhan sekolah sing bakal diteliti. Tata cara pangembangan buku ajar ana telung perangan, yaiku ndefinisikake, ngrancang, lan pangembangan, kaya sing diandharake ing ngisor iki.

Ndhefinisikake

Σ	20,13	21,7	22,99	21,57
Rata-rata	2,013	2,17	2,299	2,157

1,00-1,99 = ora njangkepi kompetensi

2,00-2,49 = kurang njangkepi kompetensi

2,50-2,99 = njangkepi kompetensi

Asil analisis kabutuhan siswa kasebut nuduhake kriteria "kurang njangkepi kompetensi" amerga minime sumber pasinaon lan minat siswa kanggo nggunakake buku panyengkuyung materi. Saliyane iku siswa sing nggunakake buku pasinaon uga ngrasa bukune kurang bisa ngrembakakake kawruhe marang materi pasinaon utamane materi teks drama modern. Mula saka iku, panliten sing ditindakna yaiku pangembangan materi ajar supaya bisa narik kawigaten siswa sajrone piwulangan nyemak teks drama modern.

Ngrancang

Ana patang kegiyatana sing ditindakake sajrone bab iki, yaiku nyusun tes, nggawe dhesain buku sing kawitan, validasi, lan revisi.

Buku suplemen iki cacahe ana rong bab, saben bab ana 10 soal pilihan ganda, banjur tes nyocokake wangsanlan cacahe ana 20, tes isian cacahe ana 2 soal awujud tabel lan 68 soal awujud esay.

Modhel lan ukuran tulisan isine buku tes kang bakal diujicobakake nggunakake jinis tulisan *Times New Roman* 12. Pamilihan warna diselarasake karo kabutuhan. Amerga buku suplemen iki dituduhaake marang siswa klas IX sing wis rumaja dadi dhasar warna bukune yaiku putih. Jarak panulisan utawa *spasi* sing digunakake yaiku 1,5 kanggo materine, dene jarak panulisan saben pada yaiku 6 pt. Ukuran kertas sing digunakake ing buku suplemen iki yaiku kertas *artpaper* ukuran A4 (21cmx29,7cm). Bab iki dilarasake karo tata papan panggonanae *pop-up* supaya ora mbingungake. Cacahe kaca ana 34 kaca. Anggone milih pangembangan materi ajar awujud *pop-up bookiki* adhedhasar saka inovasi sumber pasinaonan sing disambungake karo kabutuhan siswa. buku pasinaonan sing dirasa siswa mbosenake bisa dadi narik kawigaten yen awujud *pop-up*. Format kang bakal digunakake yaiku materi ajar awujud *pop-up*

booksing sambung karo keefektifan bahan ajar. Materi sing bakal diandharake yaiku teks drama modern. materi ajar iki ngandhut materi pokok sing kaperang dadi rong bab, tugas-tugas kanthi klompek lan indhividu, sarta evaluasi pungkasan.

Pangembangan

Uji coba tahap *develop* ditindakake kaping pindho. Uji coba winates ditindakake ing siswa klas IX-J minangka klompok kontrol sing cacahe ana 8 siswa lan klas IX-D minangka klompok eksperimen sing cacahe uga 8 siswa. Bab iki kanggo ngertening tingkat *efektivitas* materi ajar sadurunge ditrepake ing kelas eksperimen. Uji coba winates iki diwiwiti wiwit tanggal 1 Maret 2017. Sawise panliten kapisan, banjur ditindakake uji coba luas kanggo ngertening efektife materi ajar jrone pasinaon sing luwih jembar. Saliyane iku supaya cundhuk karo kabutuhan siswa kanthi *menyeluruh*. Objek uji coba luas iki yaiku klas eksperimen sing dibandhingna karo klas kontrol. Klas eksperimen yaiku klas IX-D kanthi cacahe ana 37 siswa lan klas kontrol yaiku klas IX-J sing cacahe ana 37 siswa. Pasinaon iki diwiwiti tanggal 15 Maret 2017.

Validitas Materi Ajar Teks Drama Modern Awujud *Pop Up Book* Siswa Klas IX SMP 19 Surabaya

Asil Validitas Dosen Ahli Medhia

Materi ajar teks drama modern bakal dibiji dening ahli medhia yaiku dosen Pendidikan Basa Jawa Dra. Sri Sulistiani, M.Pd. Asil biji saka validasi media lan materi bisa didudut yen bahan ajar kang dikembangake layak digunakake, yen asil saka proses dheskripsi kasebut salaras karo skala Likert. Asil validasi diarani layak yen asil persentase $\geq 61\%$ (Jahidyah, 2016:40). Buku suplemen teks drama modern iki bisa nggayuh persentase 78,57% dadi buku iki bisa diarani layak kanggo ditrepake ing pasinaon teks drama modern.

Asil Validitas Guru Ahli Materi

Materi ajar teks drama modern bakal dibiji dening ahli materi yaiku dosen Pendidikan Basa Jawa Dra. Hj. Sri Wahyu W., M.Si. Buku suplemen teks drama modern iki bisa nggayuh persentase 95,83% dadi buku iki bisa diarani layak kanggo ditrepake ing pasinaon teks drama modern.

Tingkat Efektivitas Pangembangan Materi Ajar Teks Drama Modern Awujud Pop Up Book Siswa Kelas IX SMP 19 Surabaya

Uji Instrumen I

Pre-test lan *post-test* ditindakake ing kelas uji instrumen. Siswa sing melu nindakake *Pre-test* lan *post-test* cacahe ana 37 siswa. Jinis soal sing diwenehake yaiku subjektif utawa *essay*, cacahe ana 7 soal kanthi irah-irahan drama sing bakal disemak yaiku "Bocah Nakal". Asil saka itungan r_{hitung} banjur dibandhingake karo r_{tabel} kanthi $N = 37$ taraf signifikasi 5% yaiku $r_{tabel} = 0,9064$. Dadi asile $r_{hitung} = 0,9064 > r_{tabel} = 0,3160$. Bisa kawastanan yen instrumen utawa soal test sing diwenehake ing uji instrumen 1 reliabel utawa layak digunakake kanggo panliten klas kontrol lan klas eksperimen.

Uji Instrumen II

Analisis uji instrumen II diandharake adhedhasar uji instrumen ing klas IX-B kaya sing wis ditindakake ing sadurunge. Cacahe ana 37 siswa. jinis soal sing diwenehake kaya ing uji instrumen I yaiku subjektif utawa essay sing isine 7 soal, nanging irah-irahan drama sing bakal disemak yaiku "Biji Abang."

Asil saka itungan r_{hitung} banjur ditandhingake karo r_{tabel} kanthi $N = 37$ taraf signifikasi 5% yaiku $r_{tabel} = 0,9064$. Dadi asile $r_{hitung} = 0,9064 > r_{tabel} = 0,3160$. Bisa kawastanan yen instrumen utawa soal test sing diwenehake ing uji instrumen II reliabel utawa layak digunakake kanggo panliten klas kontrol lan klas eksperimen.

Andharan Asil Uji Coba Winates

Uji coba winates diwiwiti tanggal 7 Maret 2017. Uji coba winates cacahe ana 8 siswa saka klas kontrol (IX-J) lan klas eksperimen (IX-D) SMP Negeri 19 Surabaya. Bab iki ditindakake kanggo ngukur tingkat efektife buku suplemen teks drama modern sadurunge ditrepake ing klas sing sejati. Dadi kaluputan-kaluputan ing klas eksperimen sabanjure bisa diminimalisir.

Andharan Asil Uji Coba Winates Klompok Kontrol

